

**Жьэн узыфэм зэрыпэщIэтынур**

2-нэ нап.



**Адыгэ макъамэр псэм пэгъунэгъущ**

2-нэ нап.



**Хьэмэзэ покер егъэзащIэ**

3-нэ нап.



**Адыгэш**

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№116 (24.398) ● 2022 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ


**«ЦIыкIураш»**



4-нэ нап.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ*

## Президентым и унафэхэр ягъэзащIэ

**КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий видео IэмалкIэ иригъэкIуэкIа Советым и зэIущIэм.**

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIащ Урысейм КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI **Бачурин Сергей**, управленэм и Iэтащхьэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм дзэм хэхауэ ираджэн Iуэхур щезыгъэкIуэкI штаб нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ **Запотоцкий Константин**, щIыналъэм хыхьэ щIыпIэхэм я унафэщIхэр, Советым хэтхэр.



**Чайкэ Юрий** и пэублэ псалъэм къыщыхигъэщащ УФ-м и Президентым и унафэу дзэм хэхауэ ираджэн Iуэхур IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэзащIэ зэрымыхъунур. Абы езыджэ комиссэхэр бгъэдыхьэгъуафIэу, цIыхубэм зэрыдекIуэкIыпхъэ хабзэм тету лэжьэн хуейщ. Президентым и лIыкIуэм унафэ ищIащ дзэм ираджахэм я унагъуэхэм псалъэ гуапэкIэ зыщIагъэкъуэн, я гур фIы хуащIын папщIэ, телефон щхьэхуэхэр хахыну, цIыхухэм хъыбарыпцIхэр ялъэмыIэсынми хуэсакъыну.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр тепсэлъыхьащ шынагъуэншагъэмкIэ промышленнэ IуэхущIапIэхэу КИФЩI-м щыIэхэм я лэжьыгъэр зэпыу ямыIэн хуэдэу зэтеухуэн зэрыхуейм.

КъБР-м и Iэтащхьэм Чайкэ Юрий хъыбар иригъэщIащ УФ-м и Президентым и унафэр гъэзэщIа зэрыхъум теухуауэ.

Чайкэ Юрий тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьащ унафэ зыIэщIэлъ къудамэ псори Iэпэдэгъэлэл къыхэмыхуэу зэдэлэжьэн зэрыхуейм. «Щхьэж къыхуащIа унафэр зэригъэзэщIамкIэ къулыкъущIэ къэс щхьэхуэу жэуап ихьынущ», - жиIащ Президентым и лIыкIуэм.

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек япэ зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ зэгъэпэщыжын хуей ухуэныгъэшхуэхэмрэ инвестицэ проектхэмкIэ штабым хэтхэм.**

## ЗэфIагъэкIахэм нэхърэ нэхъыбэж къапэщылъщ

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, абы и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, спортымкIэ и министр **Хьэсанэ Ислъам**, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Унэжокъуэ Астемыр** сымэ. Видео зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу зэIущIэм хэтащ къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ я Iэтащхьэхэр.



КIуэкIуэ Казбек жиIащ мы лъэныкъуитIымкIи лэжьыгъэхэр щIагъэхуэбжьэн зэрыхуейр, псом хуэмыдэу лъэпкъ проектхэмрэ экономикэм епха Iуэхухэмрэ япэ зэрырагъэщыпхъэр. «А псом къадэкIуэу ухуэныгъэмрэ инвестицэ проектхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъур зи нэIэ щIэтын штаб къызэдгъэпэщыну унафэ сщIащ. ФокIадэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIэдгъэкIахэм нэхърэ нэхъыбэж къытпэщылъщ, дяпэкIэ нэхъыбэжым делэжьынущ», - жиIащ КIуэкIуэм.

Дызэрыт илъэсым ухуэныгъэу 100-р и кIэм нагъэсын, зыхуей хуагъэзэн хуейщ. Абыхэм ящыщ зыкъом фокIадэм ирихьэлIэу хьэзыр хъуащ. А псоми онлайн щIыкIэм иту кIэлъоплъ щIыналъэ унафэщIыр. ИкIи дэтхэнэмкIи жэуап зыхьхэм яхуигъэуващ щаухын хуей пIалъэм изагъэу, фIагъ лъагэ иIэу, цIыху нэхъыби кърашалIэу зэфIагъэкIын хуейуэ.

Лъэпкъ проектхэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, 2019 - 2021 илъэсхэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ IуэхущIапIэу 45-рэ, школи 4, ЩэнхабзэмкIэ унэу 7, спорт IуэхущIапIэу 8, спорт зыхуэгъэхьэзырыпIэу 49-рэ яухуащ, зыхуей хуагъэзэжащ. ЩэнхабзэмкIэ унэу 49-рэ, театрыр, фэтэр куэду зэхэт унэу 274-рэ, пщIантIэ 356-рэ ягъэдэхащ, жылагъуэ зэхуэсыпIэу 96-рэ зыхуей хуагъэзащ, гъуэгу километр 600 зэрагъэпэщыжащ.

Мы гъэм республикэм школи 10 щаухуэ, абыхэм еджакIуэ 6324-рэ щIэхуэнущ. 2022 гъэм и кIэм яухынущ Прохладнэ, Нарткъалэ, Куба дащIыхь школхэр. Бахъсэн, Ташлы-Тала, Новая Балкария, Вольнэ Аул жылэхэм илъэсищ мыхъуа сабийхэр щаIыгъ IуэхущIапIэу 5 дащIыхьащ, 380-рэ щIэхуэну. Спорт ухуэныгъэу 3-р и кIэм нагъэсащ, мы гъэм ятыну я мурадщ Налшык дащIыхь спорт IуэхущIапIэри. ЕтIанэгъэ Шэджэм Ищхъэрэ футбол джэгупIэ щащIынущ, Налшык дащIыхь Мылылъэ къэжыхьыпIэри 2024 гъэм лажьэу ирагъэжьэнущ.

«Узыншагъэр хъумэн» программэм ипкъ иткIэ, лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Налшык къалэм щаухуэ онкологие диспансерымрэ поликиникэ инымрэ. Аушыджэр амбулаторэ дащIыхьащ, мы гъэм и кIэм нагъэсынущ Дыгулыбгъуей щаухуэри. ЕтIанэгъэ Куба - амбулаторэ, Эльбрус жылэм сымаджэщ дащIыхьыну я мурадщ.

2022 гъэм и кIэ пщIондэ Налшык къалэм и зы хьэблэм псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкIынущ. «Псы къабзэ» щIыналъэ проектым хиубыдэу иджыпсту Iуэхугъуэ 13-м иужь итщ. Солдатскэмрэ Пролетарскэмрэ псы зэхуэхьэсыпIэхэр щагъэуващ. Азау аузым къыщыщIэдзауэ Эльбрус жылэм нэс псы зэрыкIуэ бжьамийхэр далъхьэн щIадзащ, Бахъсэн дэлъхьэн щыщIадза, километр 80 хъу псы бжьамий зэхэтыр 2025 гъэ пщIондэ яухыну зэтраухуащ.

Кхъахэ хъуа унэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэным епха программэм ипкъ иткIэ, метр зэбгъузэнатIэ мин 17 хъу унэ 62-м щIэсхэр къыщIагъэIэпхъукIащ, апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыху 1020-м я псэупIэр нэхъыфIкIэ зэрахъуэкIащ.

Мы гъэм цIыху зэхуэсыпIэу 14-р зэрырагъэфIэкIуэным йолэжь, абы хеубыдэ Налшык къалэм ейуэ 8-р. Къат куэду зэтет унэ 51-м и Iэгъуэблагъэр ягъэдахэ, етIанэгъэ а Iуэхур районхэм щыпащэнущ.

КъищынэмыщIауэ, 2002 гъэм ящIын къыщIадза, ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэм я уардэунэр и кIэм нагъэс. 2023 гъэм «Иджырей школ» федеральнэ проектым хыхьэу школипщI яухуэну я мурадщ, ахэр дащIыхьынущ Налшык къалэм, Александровскэ, Прималкинскэ станицэхэм, Тэрч, Нарткъалэ, Шэджэм ЕтIуанэ, Терскол жылэхэм. Псори зэхэту сабий 5150-рэ щIэхуэнущ.

«Модернизация первичного звена здравоохранения» федеральнэ проектым хэту 2023 - 2024 гъэхэм амбулатори 7 яухуэнущ, Октябрьскэм, Кэнжэ, Светловодскэ, Красносельскэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Белая Речкэ, Звезднэ, Къубэ-Тэбэ жылэхэм фельдшер пункт дащIыхьынущ.

Дызэрыт илъэсым гъуэгу ухуэныгъэм сом меларди 4,2-рэ трагъэкIуэдэнущ, зыхуей хуагъэзэжынущ щIыпIэ гъуэгуу километри 170-рэ. Метри 134-рэ лъэмыжу яухуэнущ, гъуэгу километр 70 ягъэнэхунущ.

2023 гъэми гъуэгум папщIэ сом меларди 4,4-рэ хухахынущ. «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектымкIэ километр 70 зэрагъэпэщыжынущ, лъэмыж метр 261-рэ зыхуей хуагъэзэжынущ, щIыналъэ гъуэгубгъуу километр 30-м нэблагъэр ягъэнэхунущ.

## ХэщIыныгъэншэу унэм къэвгъэзэжыну!

**КъБР-м и Iэтащхьэр щIыналъэм щыщу дзэм ираджа щIалэхэм ялъыгъуэзащ. Къулыкъур ягъэзэщIэным хуэхьэзыру, сэлэтхэр иджыпсту яхэтщ Ингуш Республикэм зыщызыубгъуа дзэ гупым я зым.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщIым дзэм ираджахэм захуигъэзащ гур зыIэт нэхъыжь псалъэкIэ:

«Я цIыхухъу къалэныр ягъэзэщIэн папщIэ, я Хэкур яхъумэжыну къэува си къуэшхэм папщIэ сигу хэхъуэу ситщ нобэ фи пащхьэм. Ди щхьэр лъагэу дывгъэIэтащ! ЛIы ирокъу жыхуаIэр фэ фхуэдэхэу адэр, анэр, Хэкур, щIыхьыр, къэралыр зищIысыр зыщIэхэрщ. Сэ срогушхуэ я Хэкур яхъумэжыныр пщIэуэ къалъытэу, а щIыхьыр зи пщэ дэзылъхьэжа, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ лъэпкъхэм язым сызэрыщыщым. Фызыпэрыхьа Iуэхур вгъэзэщIарэ ТекIуэныгъэр фи Iэпэгъуу, фыузыншэрэ хэщIыныгъэ фимыIэу, Алыхьым икIэщIыпIэкIэ ди щIыналъэм фыкъришэж!» - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.



КъБР-м и УнафэщIыр дзэм ираджа щIалэхэм епсэлъылIащ, я упщIэхэм жэуап иритащ, Iэщэ-фащэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуну щIыкIэм къытеувыIащ. ЩIыналъэм и лIыщхьэм и гугъу ищIащ къэралми республикэми къабгъэдэкIыу, дзэм ираджахэр къызыхэкIа унагъуэ псоми мылъкурэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэкIэ зэрызыщIагъэкъуэнум.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Президентым и УнафэкIэ, къэралым ит щIыналъэ псоми я къалэнщ Урысейм и Дзэм хагъэхьэну гупхэр зэрагъэпэщыну. ЦIыху мин 300-р къэралым дзэм иришэлIэфыну псоми я зы проценту къалъытэ. КъБР-м и Дзэ комиссариатым фокIадэм и 21-м щегъэжьауэ дзэм хэхауэ ираджэн Iуэхур зытетыпхъэм тету ирегъэкIуэкI.

## РеферендумхэмкъарикIуахэмкIэ КIуэкIуэ Казбек ехъуэхъуащ ДНР-м, ЛНР-м, Запорожье, Херсон областхэм исхэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, апхуэдэу Запорожье, Херсон областхэм исхэм ехъуэхъуащ референдумхэм къарикIуахэмкIэ.**

«ГУРЫФIЫГЪУЭКIЭ дыщыгугъыу, дыпIейтейуэ иужьрей махуэхэм дызыпэплъа, тхыдэ мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхур зэфIэкIащ.

Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Херсон, Запорожье областхэм щыпсэухэм я нэхъыбапIэм референдумхэм Iэ щаIэтащ Урысей Федерацэм къыхыхьэным и телъхьэу.

А Iуэхур нэгъуэщIу екIуэкIыну Iэмал иIакъым. Илъэсийм щIигъукIэ а щIыналъэхэм исхэр террорым и бэлыхьхэмрэ геноцидымрэ хагъэкIакъым Украинэм тепщэныгъэр щызыIыгъхэм. Иужьрей илъэсхэм цIыхухэр гъэшынэным, абыхэм лей якIэлъызехьэным зэи хуэмыдэжу зиубгъуащ икIи хьэкIэкхъуэкIагъэм хуэкIуащ. Ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм къызэрыхигъэщхьэхукIамкIэ, дэ тпэгъунэгъу цIыхухэр а лIыукIхэм къахуэдгъэнэну, езыхэм я гъащIэм унафэ тращIыхьыжыну цIыхухэр зэрыхущIэкъум дыпэмыдджэжыну зыкIи дыхуитакъым. Шэч лъэпкъ хэлъкъым референдумхэм къыщащта унафэр Урысейм зэрыдиIыгъынум.

Апхуэдэ зэманыр къэгъэблэгъэнымкIэ дэри сэбэп дызэрыхъуам дрогушхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ нэсу дзэ операцэ хэхар егъэкIуэкIыным хэта щэ бжыгъэхэм референдумхэр шынагъуэншэу егъэкIуэкIынымкIэ яхуэфащэ хащIыхьащ. Ахэр нобэ, Урысейм и суверенитетыр, шынагъуэншагъэр, абы и щIыналъэр яхъумэу, IэнатIэ нэхъ псэзэпылъхьэпIэ дыдэхэм хахуэу щозауэ.

Мы щIыналъэхэм щыпсэу ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ си гукIи си псэкIи сохъуэхъу референдумхэм къарикIуахэмкIэ.

Икъукъэ согуфIэ Херсон областым и Скадовскэ, Каланчакскэ, Голопристанскэ районхэм я цIыхухэу благъэ тхуэхъуахэм папщIэ. ДяпэкIэ дэ нэхъри нэхъ быдэжу дызэрыубыдынущ.

Урысей лъэщым и дамэм щIэту Донбассыр, Запорожье, Херсон областхэр мамырыгъэ гъащIэм зэрыхэувэжынум, къэкIуэну махуэм фIыкIэ хуэплъэу я сабийхэм я насыпыр зэрызэтрагъэувэнум шэч къытесхьэркъым», - къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и унафэщIым и хъуэхъу телеграммэм.

*Фигу къэдгъэкIыжынщ:* ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа щIыналъэхэр Урысей Федерацэм къыхыхьэным теухуа референдумхэр фокIадэм и 23 - 27-хэм екIуэкIащ.

**2022 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкIынымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ 1995 - 2004 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкъуахэр икIи запасым щымыIэхэр 2022 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Мы Указым щIыгъуэу къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ 2022 гъэм и бжьыхьэм ираджэн хуей цIыхухэм я узыншагъэр къэзыпщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ IуэхущIапIэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ящIыгъуу 2022 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр ягъэува пIалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм транспортымкIэ и Налшык щIыналъэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кIуэну цIыхухэр щызэхуашэс, республикэм и гъущI гъуэгу станцхэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум ягъэкIуэнухэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакIуэ щIыкIэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщыгъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм фокIадэм и 23-м*
*№90-УГ*

**● ФокIадэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэщ**

## Дуней псом дыкъызэрыщацIыхущ



ПщIэ зыхуэсщI си лъэпкъэгъухэ!

Си къуэшхэ, си шыпхъухэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьа унафэм ипкъ иткIэ, 2012 гъэм щыщIэдзауэ Адыгэ фащэм и махуэщIыр - фокIадэм и 28-р - щагъэлъапIэ ди лъэпкъэгъухэр зыщыпсэу щIыпIэхэм: Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм. Апхуэдэуи хамэ къэрал 50-м щIигъум щыIэ ди къуэшхэм Адыгэ фащэм и махуэр къыддаIыгъ.

Дунейм лъэпкъыу тетым зыр адрейхэм къазэрыщхьэщыкI дамыгъэ иIэжщ. Дэ ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ адыгэ фащэр. Щыгъын къудейкъым ар - лъэпкъым и тхыдэ, гупсысэ, зэфIэкI, Iэзагъ къызыхэщыж IэдакъэщIэкIщ. Кавказыдж, этнограф цIэрыIуэ Студенецкая Еленэ итхащ: «ЦIуугъэнэ, щхъуэкIэплъыкIэ жыхуаIэр цейм и бийщ. Дэтхэнэ зы Iыхьэри и пIэм итыжу, тхыпхъэхэмрэ дыпIэхэмрэ зэщIэкъуарэ IэпкълъэпкъымшэщIауэ итIысхьэу - апхуэдэщ адыгэ цейм и дыкIэр. Аращ адыгэ фащэр зыщыгъыр икъукIэ зэкIуж щIэхъур». Фащэр адыгэм къыдэгъуэгурыкIуа щыгъынми, ар ди гъунэгъу щIыналъэхэм - Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэми - къащтащ. Ди лъэпкъыр дуней псом къызэрыщацIыхуу щыта фащэр тхъумэжыну, нобэми къэтхьэсыну тхузэфIэкIащ ди нэхъыжьыфIхэм я фIыгъэкIэ.

ФIыщIэ ин яхузощI ди япэ итхэм, тхыдэтххэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм ди щIэблэр я лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэу, зэман жыжьэм къыщежьауэ нобэми дгъэлъапIэ хабзэхэр ящIэу, зэрахьэу гъэсэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIым папщIэ.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я цIэкIи, си щхьэкIи си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Адыгэ фащэм и махуэмкIэ!

Сохъуахъуэ нобэрей махуэшхуэр угъурлы хъуну. ИрефIакIуэ дыщыпсэу Урысей Федерацэр, Кавказ Ищхъэрэр, адыгэ лъэпкъыр! Лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр быдэ ирехъу! Мамырыгъэ, узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ псоми диIэну Тхьэм жиIэ!

*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*
**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**.

Экономикэ · Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

● Дунейр сытым хуэкIуэну?

# ЗэблэкIыгъуэ лъэхъэнэ

**Украинэм щекIуэкI зауэ Iуэху хэхам сэтей къищIащ дунейм зэхъуэкIыныгъэ инхэр къызэрыпэплъэр. Ар апхуэдизкIэ нэрылъагъущи, шэч гуэри къытумыхьэми хъунущ. Япэрауэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр дяпэкIэ зи экономикэр нэхъ лъэщ къэралу щытыжынукъым - абыхэм япIэ иувакIэщ Китайр. Ауэ абдежи къыщыувыIэнукъым. КНР-м нэхърэ нэхъ псынщIэу зеужь Индием. Аращи, къыхуэнэжыр ещанэу щытынырщ. Ари зэкIэ.**

ПЭЖУ, езы Вашингтон хущIокъу абы гу лъимытэну. Нэхъапэм хуэдэу зегъэпхъашэ, дэпщыпIэхэр къелъыхъуэ, жыIэмыдаIуэхэм якIэщIотIыхь, игъэшынэнуи хэтщ. АрщхьэкIэ лъэкIыныгъэ зэрыбгъэдэмылъыжыр кIуэ пэтми нэхъ белджылы мэхъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, ШОС-м (ЗэдэлэжьэныгъэмкIэ Шанхай ЗэгурыIуэныгъэ) иджыблагъэ Узбекистаным и Самарканд къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэр абы щыхьэт техъуащ. Дунейм цIыхуу тетым я нэхъыбэр щыпсэу къэралхэм я лIыкIуэхэр къэуващ США-мрэ абы и блыгущIэт КъухьэпIэмрэ я санкцэ политикэр ямыдэу. Уеблэмэ жыжьэжкъым ахэр доллархэмкIэ сату зэдащIыным къыщыпыкIыну зэманыр. УрысеймкIэ я гупэр къагъазэ куэдым. Хэбгъэзыхьмэ, Евросоюзым хэтхэри зэмызэгъыж хъуащ. ШОС-м зиубгъу зэпытщ, ЕС-р кIуэ пэтми къотIасхъэ.

Европейхэр псом хуэмыдэу зыгъэгузавэр уасэхэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэм и закъуэкъым, атIэ щIымахуэ къэблэгъам IэнэщIу ирихьэлIэнкIэ къыкъуэкIа шынагъуэрщ. Санкцэхэм зыдрагъэхьэхри, властхэм щIыдагъэу, газу зыхуейм и Iыхьэ никъуи ягъэхьэзыракъым. Абы щыгъуэми, зэрыгурыIуэгъуэщи, щIыIэм политикэ ищIэркъым. Ди жагъуэгъу къэралхэм (ахэр 23-рэ хъууэ къабжащ) гуфIэжу кърагъэгъэзэжынут ягъэува мардэхэм, ауэ зэкIэ лъэрымыхьыфэ зытрагъэуэну хуейкъым. Араши, езыхэр йохуэж Урысейм къыхуатIа мащэм. Абы щыгъуэми, нэрылъагъущ, апхуэдэу екIуэкIмэ, цIыхухэм зыкъызэраIэтынур. ЦIыху мин куэдхэр иджыблагъэ уэрамхэм къыщыдыхьащ Германием, Франджым, Чехием. Абыхэм ткIийуэ къагъэуващ «Ищхъэрэ унэтIыныгъэ-2» бжьамийр къызэIуахыжыну, УФ-м къытралъхьа нэгъуэщI тезырхэр трахыжыну. Ауэ, ищхьэкIэ зэрыжытIащи, властхэр хуэхьэзыркъым апхуэдэ лъэбакъуэм. Путин Владимир и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, зи гугъу тщIы бжьамиймкIэ Европэм Iэрыхьэнут газ кубометр мелард 55-м щIигъу. Ауэ Урысейм и экономикэр къагъэтIэсхъэну я мураду езыхэм загъэунэхъуж.

Мыгъуагъэр къызыхэкIыр абы и закъуэкъым. «Ищхъэрэ унэтIыныгъэр» фокIадэм и 3-м къагъэувыIэн хуей хъуащ, елэжьыжын мурадкIэ. АрщхьэкIэ «Сименс» компанием турбинэщIэхэр къыдитыркъым санкцэхэм я зэранкIэ. Белоруссием и щIыналъэм кIуэцIрыкI Ямал-Европэ бжьамийр зэрымылажьэр зи ягъэр ар зэхуэзыщIа Польшэрщ. «Уренгой-Помары-Ужгород» унэтIыныгъэмкIэ газ макIуэ, ар Украинэм зэрыпхырыкIым щхьэкIэ къэмынэу. «Тырку унэтIыныгъэ» бжьамийр, Тыркум и щIыналъэм пхыкIыу Грецием кIуэр, и къару къызэрихькIэ мэлажьэ. Ауэ «УнэтIыныгъэ щхъуантIэ» бжьамиймкIэ кIуэ гъэсыныпхъэр а къэралым езым и закъуэ щхьэкIэ къегъэсэбэп.

Европей къулыкъущIэхэм нэсу къагурыIуэркъым Вашингтон и текъузэныгъэкIэ ирагъэкIуэкI политикэм езыхэм я къэралхэр зыхуишэр. США-р IуащхьэлъагэмтесухьэзэрышхымкIэлъыплъхуэдэщ, езыми апхуэдэ политикэм и зэран къекI пэтми. Абы псори зытрищIыхьыр Урысейр егъэтIысэхыным, ар Iэгъэтэдж щIыным теухуа мурадырщ. Дауи, нэгъуэщIхэм я хьэкъкIэ. ФщIэжу щытмэ, Штат Зэгуэтхэр хуабжьу никъуэкъуащ «Ищхъэрэ унэтIыныгъэ-2»-р ирамыгъэухуэдиину. Ар къайхъулIакъым, ауэ яхузэфIэкIащ илъэс ипэкIэ, 2021 гъэм и фокIадэм, хьэзыр хъуми, къызыIуримыгъэхын: езым и газ ткIуаткIуэр хуэдищкIэ нэхъ лъапIэу континентым кърищэну и мурадащ, ар дыдэмкIэ яхущIэкъуащ иджыри хущIокъу жыIэмыдаIуэ хъункIэ зыщышынэ Германием и экономикэр ириудыхыну - англосаксхэм езыхэм я фейдэ зыхэлъхэм фIэкIа кърадзэркъым.

Зэрытлъагъущи, а къэралым и мызакъуэу, европей псоми я дежкIэ щытыкIэр хэплъэгъуэщ. Иджыри къэс жаIэрт газым и пIэкIэ «Энергетикэ щхъуантIэм» хуэкIуэну - текIуадэ щыIэкъым, экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэ дыдэщ. Ауэ ари гугъэ нэпцIу къыщIэкIащ. НаIуэу зэрыщытщи, зэм жьы къопщэ, зэми къепщэркъым. Урысейм Европэм псори зэхэту зы илъэсым гъэсыныпхъэ щIыхуу кубометр мелард 200-м нэблагъэ ирет (ЕС-м хуозэ мелардит 150-рэ). Апхуэдиз газ зыкIи пхузэхъуэкIынукъым илъэси 10-кIи.

ЗэкIэ Евросоюзым и политикэр имыдэу наIуэу къэувар Венгрием и закъуэщ. Ар а зэгухьэныгъэм къыхэкIыжынми Iуэхур хуэкIуэнкIэ хъунущ. Ауэ ар зэкIэщ. ЩIымахуэм дызыпэмыплъа куэд къихьынкIэ хъунущ.

Ауэ Вашингтон езэшыркъым. Украинэм щекIуэкIхэр тегъэщIапIэ ищIурэ, абы нэгъуэщIхэри къегупсыс. Псалъэм и хьэтыркIэ, щIыдагъэм теухуауэ. США-м и текъузэныгъэкIэ «Къэралышхуиблым» финансхэмкIэ я министрхэр зэгурыIуащ ди «дыщэ фIыцIэр» дыгъэгъазэм и 5-м къыщыщIэдзауэ езыхэм ягъэув уасэхэм нэхърэ нэхъыбэкIэ ямыщэхуну. Абыхэм адрей къэралхэри къыхураджащ езыхэм я щапхъэм ирикIуэну. А хабзэр къызэпызыудхэм, зэресэжащи, санкцэхэр хуагъэувынущ. Абыи и закъуэкъым: мазаем и 5-м щегъэжьауэ уасэхэр зыхуагъэувынухэм халъхьэнущ щIыдагъэхэкIхэри. IэщIагъэлIхэм къалъытэ зы баррелым доллар 60 уасэу хуагъэувыну. Ауэ языныкъуэхэм жаIэ ар доллар 40-у щытыну. Мис ар егъэлеящ: зы щIыдагъэ баррель къыщIэшыным Урысейм трегъэкIуадэ доллар 44-рэ. Араши, тригъэкIуэдар къыхущIэмыкIыжу ищэн хуейуэ къыщIокI.

Мыбдеж финанс къулыкъущIэхэр хуабжьу щыщыгугъащ УФ-м и щIыдагъэ куэд зыщэху Китайр мыхъуми, Индием ахэр къыдиIыгъыну. АрщхьэкIэ худачыха уасэхэмкIэ тIуми ди щIыдагъэр ящэху къыщIэкIащ. АтIэ сыт абыхэм апхуэдэ мардэхэр щIыдаIыгъынур? Абы и закъуэкъым: хэбгъэзыхьмэ, Урысейм щигъэтыпэнкIэ хъунущ а къэралхэм зи гугъу тщIы гъэсыныпхъэр ярищэныр.

Абы къыдэкIуэуи КъухьэпIэм и мурадащ зыщхьэдэх мыхъуну уасэхэр ди газми хуигъэувыну. АрщхьэкIэ гъэсыныпхъэ щIыхур яхуиутIыпщын щигъэтынкIэ хъуну Урысейм зэрипхигъэIукIыу псалъэмакъыр ягъэувыIащ. Зэрытлъагъущи, Урысейм лъакъуэ щIэдз къыхуащIын папщIэ зыри къагъанэркъым. Ауэ абы и пIэкIэ КъухьэпIэм, псом хуэмыдэу США-р, егупсысыпхъэт езыхэм я Iуэхур зыхуэкIуэнкIэ хъунум.

● Iуэхум и пэжыпIэр

# Илъэситху дэкIри къытрагъэзащ

**Зи гугъу фхуэтщIыну псори хэIущIыIу ящIыщэу щытакъым. Хэбгъэзыхьмэ, КъухьэпIэм и прессэм абыхэм ятеухуауэ зигъэIэуэлъэуакъым. Ауэ 1978 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м къэхъуам цIыху гъащIэ куэд ихь пэтащ.**

А МАХУЭМ «Кореан Аир Лайнс» авиакомпанием и «Боинг 707-3218» кхъухьлъатэр Франджым илъэткIри, Корее Ипщэм и щыхьэр Сеул кIуэну гъуэгу техьащ. Ар АляскэмкIэ къекIуэкIын хуейт. Машинэм исащ экипажым щыщ цIыху 12-рэ мыдрейуэ 97-рэ. Абы и къалэнт Гренландием, Канадэмрэ США-мрэ я ищхъэрэ лъэныкъуэм щхьэпрылъэтыкIыу СССР-м и КъухьэпIэ Жыжьэм къыпикIухьыну, иужькIэ къыхуагъэзэгъуа щIыпIэм нэсыну.

АрщхьэкIэ гъуэгум и зэхуэдитIым имыкIуауэ, къызыхэкIар мыгурыIуэгъуэу, «Боинг»-м Совет Союзым и щIыналъэмкIэ къиунэтIри, гъунапкъэр къызэпиупщIащ. Уэгум хьэуащ Су-15 кхъухьлъатэхэр. Ахэр пылъащ «Боинг»-р егъэзыгъэкIуэ къагъэтIысыну. АрщхьэкIэ мыдрейм и экипажыр хуабжьу къедзIуакъым. Апхуэдэу щыхъум, яутIыпща ракетэм зыпимыгъа «хьэщIэм» и дамэ лъэныкъуэр икъутащ. Фюзеляжми дерт игъуэтащ, зы пассажир хэкIуэдащ, нэгъуэщI зым фэбжь хьэлъэ техуащ (мыгувэу ар лIащ).

«Боинг»-м и унафэщI Гю Чан Ким Iэзагъышхуэ хэлъу машинэр Кориярви гуэлым тещтыкIа и мылым тригъэтIысхьащ, кхъухьлъатэм исахэр псэууэ къелащ. СССР-м и властхэр ядэIэпыкъуащ абыхэм - дохутырхэмкIэ, хэщIапIэхэмкIэ, я шхынкIэ. Мэлыжьыхьым и 22-м псори Мурманск яшащ.

Экипажыр яутIыпщыжащ мэлыжьыхьым и 29-м. АрщхьэкIэ упщIэр къэнащ: Корее Ипщэм кIуэ кхъухьлъатэр Карелием къыщIыщыхутар сыт?

## Псори зи ягъэр Iэмэпсымэхэрщ...

ГЮ Чан Кимрэ абы и штурман Син Чхин Лирэ а упщIэм и жэуапу мырат жаIэр. Франджы аэропортым щытетми компасым лажьэ зэриIэм гу лъитат штурманым. Уэгум хыхьа иужь игъэтэмэмыжыну хэтащ, ауэ хузэфIэкIакъым: Аляскэм щыхуэкIуэм, кхъухьлъатэр СССР-м и гъунапкъэхэм къыIухутащ.

Гю Чан Ким тхьэ щиIуэжырт, вагъуэ плъыжьхэр зытет кхъухьлъатэр илъэгъуа иужь «Боинг»-м и щIыб уэздыгъэхэр щIигъэнауэ икIи абы кIэлъыкIуэу къыхуигъэлъэгъуа щIыпIэм щытIысыну и мурадауэ. Абы радистым унафэ хуищIащ къыпэува кхъухьлъатэр зезыгъакIуэм зыпищIэну, арщхьэкIэ къехъулIакъым я радиоIэмэпсымэхэр зэрызэтемыхуэм къыхэкIыу.

Сыт атIэ къыхуагъэлъэгъуа щIыпIэм щытIысыну совет кхъухьлъатэзехуэм къыхуищIа унафэр щIимыгъэзэщIар? А упщIэм и жэуапу Гю Чан Ким жиIащ ар... къыгурымыIуауэ.

Ауэ, Iуэхур щызэхагъэкIым, зэрыкъуэншамкIэ зиумысыжащ икIи ди властхэм къелъэIуащ хуагъэгъуну. Игъэзэжа иужь, пэжу, абыи игъусахэми жаIащ я къуэншагъэмкIи замыумысыжауэ икIи къыхуагъэгъуну мылъэIуауэ, къэхъуа псори зи ягъэр Iэмэпсымэхэрауэ.

## ...ауэ ар пэж?

ИДЖЫ нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ Iуэхум дыбгъэдыхьэнти. Совет РЛС-хэм (радиолокацэ станцхэм) кхъухьлъатэ хамэр къалъэгъуащ Кольскэ хытIыгу ныкъуэм гъунэгъу къызэрыхуэхъуу. Ар Б-52 америкэн стратегие бомбэзехьэхэм я дежкIэ нэхъ къезэгъ щIыпIэмкIэ къыкIуэцIрыкIырт. Зейр къахуэщIакъым. Абы щыгъуэми, а зэманым щIыналъэм зыгъэсэныгъэ Iуэхухэм щыщIидзат: уэгум итт дыдейхэри, абыхэм ящIэхэм къакIэлъыплъ хамэхэри.

«Боинг»-м СССР-м и гъунапкъэр къызыпиупщIа иужьщ абы Ищхъэрэ флотым и Iэщэхэр щэхуу щахъумэ Североморск и лъэныкъуэмкIэ зэриунэтIар къащыгурыIуар. Зэхуакум апхуэдэу къыдэтт аэродром, ПВО-м и хэщIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэри.

Капитан Босов Александр и Су-15-рщ япэу «Боинг»-м гъунэгъу хуэхъуар. АрщхьэкIэ сыт ищIами, кхъухьлъатэзехуэм хузэфIэкIакъым ар къигъэдэIуэн. Иужьрейм сыт щыгъуи зыпыIуидзырт, зэм зы лъэныкъуэмкIэ, зэм адреймкIэ игъэшырт, иужькIэ ФинляндиемкIэ иунэтIащ. АрщхьэкIэ апхуэдиз куэд къэзыкIуа икIи сурэтхэр тезыха «боингыр» иутIыпщыну зыми зигъэхьэзырыртэкъым. Босовым унафэ хуащIащ еуэну. Ракетэр зытехуар «Боинг»-м и дамэ лъэныкъуэрщ (нэгъуэщI щIыпIэу щытамэ, зыри къелынутэкъым). Уэгум ит нэгъуэщI кхъухьлъатэзехуэ Слободчиковым «Боинг»-м къыгуэхуар ракетэ е контейнер и гугъэри зэхигъэщэщащ,

АпщIондэху Босовым езым и аэродромым игъэзэжащ гъэсыныпхъэр зэриухым къыхэкIыу. Ар зэрихъуэкIащ КIэрэф Анатолэ и Су-15-м. А адыгэ щIалэр иужькIэ цIэрыIуэ хъуащ. Авиацэм и полковникыу къигъэзэжащ, илъэс куэдкIэ Тэрч районым и дзэ комиссару лэжьащ, Тэрч къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи хущIэкъуащ кIуэ пэтми лъахъшэ хъу «Боинг»-р щигъэтIысыну щIыпIэм ишэну. АрщхьэкIэ модрейр ФинляндиемкIэ еIэрт.

ЗэрыIэщIэмыкIынур къыщыгурыIуэм, Гю Чан Ким «Боинг»-р тригъэтIысхьащ гуэлым трищIа мыл джафэм.

КIэрэфым Iэмал псори иIащ гъунапкъэр къызэпызыупщIар хигъэбэгэну, арщхьэкIэ нэщIэбжьэ къимыгъэхьун папщIэ зишыIащ.

Илъэситху дэкIри, 1983 гъэм а «Кореан Аир Лайнс» авиакомпание дыдэм и нэгъуэщI «Боинг»-р гъуэгум «тегъуэщыкIри», Хы Хуэм флотым щэхуу яхъумэ и хэщIапIэхэмкIэ иунэтIащ. Мыбдеж псори гуауэу щиухащ - къраудыхащ, экипажри цIыхуу иса псори хэкIуэдащ. «Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ» щIыжаIар апхуэдэ гуэрщ.

**Лэжьыгъэм цIыхур егъэлъапIэ, жаIэ. Шэч хэмылъу, жэуаплыныгъэ хэлъу, пщэрылъ къыщащIыр егугъуу зыгъэзащIэу зи IэнатIэр езыхьэкIым сыт хуэдэ зэманми пщIэ иIэнущ. Апхуэдэ щапхъэхэр гъащIэм щыгъунэжщ. Абыхэм ящыщщ зи гугъу тщIыну бзылъхугъэри - Налшык къалэм полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкIыу дэта заводым зэфIэкI лъагэхэр къигъэлъагъуэу илъэс 25-кIэ щылэжьа Щокъул Светланэ.**

# Бзылъхугъэ гуащIафIэ



ТЭРЧ районым хыхьэ Болэтей къуажэм къыщалъхуащ Светланэ. Курыт школ нэужьым ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыным щыхурагъаджэу Налшык дэт техникумыр къиухащ. Абы иужькIэ, 1981 гъэм, полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкI заводым лэжьэн щыщIидзащ абы.

Псэ хьэлэлкIэ зи IэнатIэм пэрытхэм ящыщщ Щокъулыр. Заводым зэрыщыIа илъэсхэм къриубыдэу абы и къалэныр щимыгъэзэщIа къэхъуакъым. Светэ и унафэщIхэми къыдэлажьэхэми ящIэрт ар зыпэрыува Iуэхур нэгъэсауэ зэрызэфIихынур, уеблэмэ план гъэзэщIэнымкIэ сытым дежи ар пэрытхэм ящыщт. «Коммунист лэжьэкIэм и ударник» цIэ лъапIэри илъэс къэс абы игъэпэжащ. И гуащIэ емыблэжу IэнатIэм зэрыпэрытам папщIэ Щокъулым мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэр, дипломхэр. Абы къыфIащащ «IэщIагъэм щынэхъыфI», «зи Iэпэм дыщэ къыпыщ» цIэхэр.

Заводым щекIуэкI лэжьыгъэм къищынэмыщIауэ, Щокъулым жыджэру и зэфIэкI къыщигъэлъагъуэрт IуэхущIапIэм и жылагъуэ гъащIэми, абы и комсомол, профсоюз зэгухьэныгъэхэм хэтащ, заводым и общежитым и советым и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ. Сыт хуэдэ IуэхукIи зи гупсысэрэ зи еплъыкIэрэ зиIэж бзылъхугъэр гупым я лIыкIуэу IуэхущIапIэм и профсоюз конференцхэм сытым дежи хэтащ. И лэжьыгъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм къапэкIуэу Светланэ блэнейрэ зыгъэпсэхуакIуэ хамэ къэралхэм ягъэкIуащ.

- Си гукъэкIыжхэм гуапэу къыхэнащ а илъэсхэр, - жеIэ Светланэ. - Гупыр дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу, гуауэри гуапэри зэдэдгуэшу дэзэдэлэжьащ. Ди IуэхущIапIэм цIыху лэжьакIуэм хуэфащэн пщIэр щигъуэтыжырт, дэтхэнэми и ехъулIэныгъэхэр къыхагъэщырти, и зэфIэкIхэм папщIи ягъэпажэрт. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дауи, лэжьыгъэм утригъэгушхуэрт икIи дэтхэнэми и къалэныр нэгъэсауэ зэригъэзэщIэным хущIэкъурт.

ИужькIэ Щокъулым медсестра IэщIагъэри зригъэгъуэтыжащ. Зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхуми гукIи псэкIи етауэ зэрыпэрытым хуэдэу, а лэжьыгъэри егъэзащIэ Светланэ. Коронавирус узыфэ зэрыцIалэм я псэм емыблэжу пэщIэта медицинэ лэжьакIуэхэм ящыщщ ар. IэщIагъэм зэрыхуэпэжым, узыфэ зэрыцIалэм щIыналъэм зыщемыгъэубгъуным я гуащIэ зэрыхалъхьам папщIэ республикэм и Iэтащхьэм и фIыщIэ тхылъкIэ ягъэпэжахэми яхэхуащ Щокъулыр.

Республикэм и жылагъуэ гъащIэм щекIуэкI Iуэхухэми фIыуэ щыгъуазэщ Светланэ. ЖыпIэнурамэ, хэкупсэщ, лъэпкъыпсэщ бзылъхугъэр, къыщыхъуа щIыналъэм и ехъулIэныгъэхэм иригушхуэу, абы и цIыхубэм я зэIузэпэщ псэукIэр ефIэкIуэным щIэхъуэпсу апхуэдэщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




# Хьэмзэ покер егъэзащIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ етIуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр блэкIа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ.**

ФОКIАДЭМ и 24-м Къэщхъэтау щызэхэтащ зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм икум иту къыщыкIуэ «ЛогоВАЗ»-мрэ кIэух увыпIитIым язым къыщыувыIа «Къэбэрдеймрэ» я зэIущIэр. ЗэпэщIэтыныгъэм кIэлъыплъахэм топ дахэ куэд я нэгу щIэкIащ икIи зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэ дыдэ иIэу хэгъэрейхэр текIуауэ иухащ.

А махуэ дыдэм Шэджэм ЕтIуанэ щызэхэтащ «Шэрджэсымрэ» «Малка»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр. Гъэ джэгугъуэр зэрыщIидзэрэ текIуэныгъитI фIэкIа зыIэрызымыгъэхьэфа шэджэмдэсхэм я командэм я очко бжыгъэхэм хэлъхьэныгъэ хуащIыфакъым, уеблэмэ зы топ закъуи я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дамыгъэкIыфауэ зэIущIэр иухащ. Балъкъ Iуфэ къикIа гупым текIуэныгъэ къыхуэзыхьа топхэр дагъэкIащ Жыгун ТIалибрэ Аслъэныкъуэ Аланрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Лъэпщ Тамерлан тIэунейрэ зэпэщIэтыныгъэм къызэрыщыхэжаныкIар.

Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм зэкIэлъхьэужьу къыщыкIуэ «Ислъэмеймрэ» «Урыхумрэ» Ислъэмей къуажэм я стадионым щызэхуэзащ. Мыгъэрей джэгугъуэм къалэнышхуэ зи пщэ дэмылъ командэхэм я зэIущIэр топ нэхъыбэ дыдэ (9!) щыдагъэкIахэм ящыщ хъуащ. ЗэпэщIэтыныгъэм хьэщIэхэм щэнейрэ я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр хагъэщIащ. Хэгъэрейхэм хуэдитIкIэ нэхъыбэ дагъэкIри, текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Ислъэмейдэсхэм текIуэныгъэ къыхуахьащ КIэм Маратрэ Джэрыджэ Русланрэ я топитIымрэ Щоджэн Щамил игъэзэщIа хет-трикымрэ.

Хуабжьу удэзыхьэхыу щытащ «Кэнжэмрэ» «Родник»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэри. ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуам хуэдэу, абыи командэхэм топибгъу щыдагъэкIащ. Зэхьэзэхуэм и медалхэм щIэбэн Псынэдахэ и футболистхэр убыдыпIэншэт. Абыхэм я хьэрхуэрэгъухэм я жагъуэ блэнейрэ ящIащ. Хэгъэрейхэм жэуап зэратыжыфар тIэу къудейщ. ХьэщIэхэм дагъэкIа топым и ныкъуэм нэхърэ нэхъыбэр зи фIыгъэр Зуггари Хьэмзэщ - ар плIэнейрэ (покер) къыхэжаныкIащ.

«Шэджэм-2»-мрэ «Псыгуэнсумрэ» я зэIущIэри хэгъэрейхэм я текIуэныгъэкIэ иухащ. Шэджэмдэсхэм ящыщу топищкIэ зэпэщIэтыныгъэм къыщыхэжаныкIащ Бэлагъы Руслан.

Джэгугъуэм и топ нэхъ мащIэ дыдэ щыдагъэкIа хъуащ «Спартак-Д»-мрэ «Искра»-мрэ я зэIущIэр. Абы зы топкIэ нэхъыбэ щыдэзыгъэкIа Алътуд и командэр «Тэрчым» и гъусэу ещанэ увыпIэм къыщызэтеувыIащ икIи медалхэм щIэбэнынухэм ныкъуэкъуэгъу жыджэр яхуэхъуну фэ тетщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и дивизион нэхъыщхьэм и тIощIрэ етIуанэ джэгугъуэм зэхэта зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къри-кIуащ: *фокIадэм и 24-м* «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Къэбэрдей**» (Налшык) - **4:3**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Малка**» (Малка) - **0:4**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Урыху**» (Урыху) - **6:3**; *фокIадэм и 25-м* - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **2:7**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **4:1**; «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Искра**» (Алътуд) - **1:2**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэр жэпуэгъуэм и япэ махуэхэм зэхэтынущ: «Спартак-Д» - «Кэнжэ», «Автозапчасть» - «Ислъэмей», «Малка» - «ЛогоВАЗ», «Искра» - «Тэрч», «Урыху» - «Шэджэм-2», «Псыгуэнсу» - «Шэрджэс», «Къэбэрдей» - «Родник».

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и дивизион нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **18** | **17** | **1** | **0** | **87-12** | **52** |
| **2. «Родник»** | **18** | **13** | **2** | **3** | **67-26** | **41** |
| **3. «Тэрч»** | **18** | **13** | **1** | **4** | **77-25** | **40** |
| 4. «Искра» | 20 | 13 | 1 | 6 | 64-44 | 40 |
| 5. «Спартак-Д» | 19 | 10 | 4 | 5 | 67-34 | 34 |
| 6. «Малка» | 19 | 11 | 0 | 8 | 54-38 | 33 |
| 7. «ЛогоВАЗ» | 19 | 9 | 4 | 6 | 44-43 | 31 |
| 8. «Шэджэм-2» | 20 | 9 | 3 | 8 | 48-62 | 30 |
| 9. «Ислъэмей» | 19 | 6 | 3 | 10 | 46-60 | 21 |
| 10. «Урыху» | 20 | 6 | 3 | 11 | 48-76 | 21 |
| 11. «Псыгуэнсу» | 20 | 5 | 2 | 13 | 38-79 | 17 |
| 12. «Кэнжэ» | 20 | 4 | 1 | 15 | 46-81 | 13 |
| 13. «Къэбэрдей» | 20 | 3 | 0 | 17 | 38-91 | 9 |
| 14. «Шэрджэс» | 20 | 2 | 3 | 15 | 26-79 | 9 |

**И ныбжьыр илъэс 97-м иту фокIадэм и 8-м дунейм ехыжащ Инджылызым и пащтыхь Елизаветэ ЕтIуанэр. Мазаем илъэс 70 ирикъуат абы тажыр зэрыщхьэрыгърэ. Сыт щыгъуи жыджэру къэгъуэгурыкIуащ, ауэ и щхьэгъусэ герцог Филипп илъэс 99-кIэ псэуауэ нэгъабэ лIа иужь, зэуэ жьыфэ къытеуат, узхэм зэраубыдар нэрылъагъуу. Гукъыдэж щIагъуи иIэжтэкъым. Аращ-тIэ, кIэ зимыIэ щыIэкъым, уеблэмэ уи гъащIэр кIыхьми, упащтыхьми.**

● Пащтыхьыгъуэм и зы лъэхъэнэ

# КъызэрыгуэкIт, пагэуи щытакъым

БРИТАНИЕР сыт щыгъуи къэрал зауэрейуэ икIи хъунщIакIуэу къекIуэкIащ. Дауи, апхуэдэ хьэл хэзылъхьэр я пащтыхьхэрт. АрщхьэкIэ Викторие иужькIэ ахэр унафэщI къалэнхэм къыпыкIащ (къыпагъэкIащ) икIи къэралыр зехьэным егъэщIылIа Iуэхухэм хэIэбэжакъым - псори зи пщэ дэхуэр хэхыныгъэхэм щытекIуа премьер-министрырщ.

«Сэ зэи сщыгъуэпщэжынукъым си шыпхъумрэ сэрэ радиом дыбгъэдэту 1939 гъэм фокIадэм и 1-м си адэр къызэрыпсэлъар. Сыгушхуэрт икIи сынэщхъейт. Си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнутэкъым сэ езым зэгуэр апхуэдэ къалэн згъэзэщIэнкIэ зэрыхъунур»,- игу къигъэкIыжырт Елизаветэ. Зи гугъу ищIыр 1983 гъэм гъатхэпэм и 4-м СССР-м ядернэ IэщэкIэ зэрыпэщIэувэм теухуауэ къэпсэлъэн зэрыхуейрт. Абы жиIэнухэр хузэхалъхьакIэт икIи ар къыщищIар властхэм 2013 гъэм хэIущIыIу ящIа иужькIэщ. Дэфтэрыр игъэхьэзырат правительствэм. Пащтыхьым зыгъэсэныгъэм хэтхэм захуигъэзэн хуейт химие, ядернэ Iэщэхэр Британием къызэрыраутIыпщам и жэуапу нэхъ удын хьэлъэж СССР-мрэ Варшавэ ЗэгурыIуэныгъэм хэт къэралхэмрэ зэрырадзынур яжриIэу. Зэрытлъагъущи, мыр зыгъэсэныгъэ къудейт, ауэ абыи куэд къыбжеIэ. США-м и президент Рейганрэ Инджылызым и премьер-министр Тэтчеррэ ирагъэкIуэкI политикэм и зэранкIэ Совет Союзымрэ КъухьэпIэмрэ я зэхущытыкIэхэр егъэлеяуэ зэщIэплъат: зауэ къэлыдынкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым.

Ауэ Елизаветэ щытакъым къыжраIэ къудейр зыгъэзащIэ пащтыхь IумпIафIэу. Мис зы щапхъэ.

1961 гъэм и бадзэуэгъуэм Британием ирагъэблэгъат дунейм и япэ космонавт Гагарин Юрий - а зэманым къэрал куэдым я дежкIэ апхуэдэр хабзэт. АрщхьэкIэ «зауэ щIыIэм» и зэщIэплъэгъуэти, мурад ящIат хьэршым япэу кIуа цIыхум щIыIэ-щIыIэу хущытыну. Премьер-министр Макмиллан Гарольд къахуигъэуват къэрал къулыкъущIэхэр зыхэт зэIущIэхэр совет хьэщIэм драмыгъэкIуэкIыну, гулъытэ щIагъуэ хуамыщIыну. АрщхьэкIэ Гагариныр кхъухьлъатэм и къехыпIэм къызэрытеувэу къызэхуэсахэм кIиин щIадзащ. ЛIыкIуэхэм я унафэщI генерал Каманин Николай игу къигъэкIыжырт: «Гагариныр здрикIуэ уэрамхэр жьауэхэм щIахъумат: уэшх мащIэ къешхми, абы еплъыну цIыху куэд къэкIуат». ЗэрызэгурыIуам тету, хьэщIэхэм яунэтIащ жыргъавэхэм я профсоюзым (арат езыгъэблэгъар) и штаб-фэтэрыр здэщыIэ Манчестер. Премьер-министрым къигъэувахэр къыфIэмыIуэхуу щIыпIэ мэрием езым и унэм бэракъ плъыжь къыфIидзащ. Гагариным и щIыхькIэ оркестрым СССР-м и Гимныр игъэзэщIащ. Космонавтым едэIуэну зэхуэса пэкIум цIыху минхэр хэтащ. Макмиллан къыгурыIуащ апхуэдэу екIуэкIмэ, зы бэлыхь къызэрыхъунур икIи псори зэрихъуэкIыжащ, а махуэ дыдэми езым Гагариныр ирагъэблэгъащ.

АпщIондэхукIэ СССР-м и посольствэм телефоныр къыщызыуащ: Елизаветэ ЕтIуанэм и секретарыр хуейт, ирагъэблагъэмэ, япэ космонавтыр Букингем унэ уардэм кIуэнрэ мыкIуэнрэ зригъэщIэну. Дауи, Юрий арэзы хъуащ. ЩытыкIэр хьэлэмэтт: 1956 гъэм СССР-м и Iэтащхьэ Хрущёв Никитэ щригъэблэгъам пащтыхьым къыхутригъэувар шей къудейт, зэIущIэри щIыIэ-щIыIэу екIуэкIат. Иджы совет офицер къызэрыгуэкIым нэхъ пщIэшхуэ хуэпщIыну къемызэгъ хуэдэт. Ауэ хьэщIэ лъапIэм щхьэкIэ Елизаветэ хьэзырт щыIэ хабзэхэми текIыну.

1961 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м ахэр зэхуэзащ - илъэс 27-м ит япэ космонавтымрэ илъэс 35-рэ зи ныбжьыр ирикъуа пащтыхь бзылъхугъэмрэ. Каманиным къеIуэтэж а зэIущIэр: «ЯпэщIыкIэ пэшым къыщIэлъэдащ зи лъакъуэхэр кIэщI хьэ цIыкIу, иужькIэ Елизаветэ къыщIыхьащ, и щхьэгъусэр щIыгъуу. Пащтыхьыр къызэрыгуэкIыу хуэпат, абы цIуугъэнэ гуэри пщIэхэлътэкъым. Ар дэ телъыджэ тщыхъуат».

Езы Гагариным иужькIэ и ныбжьэгъухэм яжриIэжащ щрагъэблэгъам пащтыхьым и куэм щабэу зэрытеIэбар. Мыбы хьэрымагъ гуэри хэлътэкъым: илъагъур таурыхърэ мытаурыхърэ зригъэщIэну аркъудейт. Ар егъэлеяуэ къемызэгът: пащтыхьым зыри еIусэну хуиттэкъым. Ауэ Елизаветэ ар къызыфIигъэIуэхуатэкъым.

Iэнэм щыпэрытIысхьэм, космонавтым зиумысыжащ дэтхэнэ ерыскъыр сыт хуэдэ IэмэпсымэкIэ ишхынуми зэрыщымыгъуазэмкIэ. «Сэри тэмэму сщIэркъым, - занщIэу жэуап къитыжащ Елизаветэ, - сэ сыт щыгъуи къызат сызыхуеинухэр».

Елизаветэ и гугъу щытщIкIэ, илъэс 73-кIэ зыдэпсэуа Филипп-герцог Эдинбургскэр хуабжьу шэрыуэу псалъэ цIыхуу зэрыщытам дыблэкI хъунукъым. Абы и гушыIэхэр тхылъузыбжанэрэ къыдагъэкIащ.

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**




НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ГУГЪУЭТ Заремэщ

• Таурыхъ

# Нэхъ иныр уэ къащIэ



ЗэшитI псэурт, зыв яIэу. Выр нэхущым деж псафэ дахуащ зэшитIым. Выбжьэм кIапсэ ирадзэри, кIапсэ кIапэр шынэхъыжьым иубыдащ. Выуэч къищтэри, шынэхъыщIэр вым иужь иуващ. Шэджагъуэ нэблэгъауэ, гъуэгум зы шу къащыIущIащ. Шур щыблэжым, шынэхъыжьыр елъэIуащ:

- Си шынэхъыщIэр вым иужь итщи, дызэрыгувэр схужеIэж, - жери.

- Хъунщ, - жери зы теуэгъуэ икIури, шынэхъыщIэм деж нэсащ.

- «Догувэ, вым къеуэ» къыбжиIэжащ уи шынэхъыжьым, - жери, шур и гъуэгу техьэжащ.

Шэджагъуэ нэужь хъуауэ, выр псым нахусащ зэшитIым.

Псым хэувауэ здыхэтым, зы бгъэ къеухри, выр ипхъуэтащ. Выр уэгум зыбжанэрэ къыщрихьэкIри, бгъэр кърыр папцIэ гуэрым тетIысхьащ. Кърыр папцIэр ажэбжьэт, ажэ жьакIэм и жьауэм щIэтIысхьауэ, бжэныхъуэр щхьэукъуэрт. Бжэныхъуэр къызэщыури, къызэфIэтIысхьащ, «уитI» щыжиIэм, бгъэр щтэри, вы блатхьэр къыIэпыхуащ. Бжэныхъуэр щыдэплъейм, блатхьэр и нэм къыщIэхуащ. БашыпэкIэ щIэIэба щхьэкIэ, бжэныхъуэм вы блатхьэр игъуэтакъым. ЩакIуэ дэкIырти, щакIуэри щIиутIыпщхьащ и нэм, абыи игъуэтакъым блатхьэр.

- Си нэм зыгуэр щIэхуащ, - жери бжэныхъуэр пщыхьэщхьэм къыдыхьэжащ. И анэр щIэIэбэри, и къуэм и нэм вы блатхьэр къыщIихыжащ, ихьри псыхъуэм дидзащ.

Уэлбанэ кIыхь хъури, псыр къиуащ, псыдзэм вы блатхьэр ирихьэхащ. Псыр щыжэщIыжым, блатхьэр ныджэм къытенащ.

Зэман дэкIащ. Ныджэм къытена блатхьэм щIы трищIэжащ, щIым къуажэ тетIысхьащ. Къуажэр къуажэ хъуауэ псэуурэ, щIыр жэщ къэс хъейуэ щIидзащ зэгуэр. Зыхуахьынур ямыщIэурэ, къуажэм еплъакIуэри, зы бажэ къаумысащ: вы блатхьэм и зы кIапэ къыщIэщырти, абы къеуэсауэ егъурт бажэр. Жылэм къаувыхьри, бажэр къаукIащ. КъаукIар яхузэгъэдзэкIакъым: бажэм и джабэ лъэныкъуэм фэр трахри, жылэм цIыхухъуу дэсым пыIэ зырыз яхурикъуащ. Абы ирихьэлIэу къуажэм зы щIалэ цIыкIу къыдалъхуащ. ЩIалэр зей фызыр кIуэри бажэр цыкIуэкIкIэ зэридзэкIащ, джабэ лъэныкъуэм къытена фэр триха щхьэкIэ, апхуэдибгъу щIимыгъужауэ и къуэм пыIэ къыхухэкIакъым.

Дэтхэнэр нэхъ ин?

# IэщIагъэлI

Махуэ гуэрым гъуэгубгъум тхьэкIумэкIыхьыр машинэ блэжхэм щакIэлъыплъащ, абыхэм я зэхэлъыкIэр зригъэщIэн мурадкIэ. Ар щымыхъум, «машинэр къэзыгупсысам фIэт щхьэм хуэдэ сэ сфIэткъэ?! Е сылIын е сылIэн!..» - жиIэри, жэщ псом и напIэ къемыхыу гупсысащ. Машинэ лIэужьыгъуэ куэд къыщIыхьащ абы и нэгум. Сытми, зыгуэрым къытеувыIэри, нэху зэрыщыххэу, лэжьыгъэм еувэлIащ. Неуэ-къеуэми, «IэщIагъэлIым» машинэм ещхьыфэу зыгуэр зэригъэпцIащ. «Ыхьы! Си Iуэхущ иджы! Си кIуэди-си кIуэд!..» - жиIэщ, мэзым къыхэжри, напIэзыпIэм гъуэгум зэпрыжащ. УдзыпцIэ дахэм хэлъэдауэ къыздижыхьэм, псы ефэу къуэкIийм къыдэпщыжауэ мэзымкIэ кIуэж мыщэжьым жьэхэкIэрэхъуащ. Ар зыхуихьынур къыхуэмыщIэу, и жьафэр Iурыхуауэ мыщэр къоплъ. Машинэр къигъэувыIэри, тхьэкIумэкIыхьыр, зигъэуардэу, мыщэм еупщIащ:

- ЛIо лъэкъыцэжь, сыкъыумыцIыхужу ара?

- Щхьэ укъэзмыцIыхужу, назэжь цIыкIу? Мыр сыт зищIысыр?

- Машинэ уи щыпэлъагъу уэ? Мыр машинэщ. Сэ си IэкIэ сщIащ.

- Хьы! Куэд щIа уэ IэщIагъэлI узэрыхъурэ? - жиIэу мыщэр щежьэжым,



тхьэкIумэкIыхьыр кIэлъыджащ:

- УмыпIащIэ, унэжын! КъитIысхьэ мыдэ, укъесшэкIынщ!

- Уи гъуэгу тет, тхьэкIумашэ. Сытым ищIыс машинэкIэ узэджэр?!

- Ахьа-а! Ушынащ! Аракъэ? УкъитIысхьэмэ, къэпщIэнщ ар зищIысыр?

- Шынэ мыгъуэр ущIи уэ гъуамэм... - гъумэтIымэурэ ипщхьащ мыщэр.

ТхьэкIумэкIыхьым и машинэр мыщэр къызыдэпщыжа щыхупIэмкIэ иунэтIащ, шэ цIывауэ щIэпхъуащ, щыхупIэм елъэным зы шэтвэр фIэкIа имыIэжу зэуэзэпсэу къигъэувыIэри, мыщэм еупщIащ:

- Плъэгъуа, лъэбыцэжь, IэщIагъэлI?

- С-слъэгъуащ, - жиIащ мыщэм, и бзэр кIэнтIыу. - С-сэ сигъэкIыжи...

- Зэ умыпIащIэ, хуэмыху, аракъым зэрыхъур, - машинэр къигъэуэвщ, адкIэIуэкIэ щылъ мывэшхуэмкIэ иунэтIщ, мывэм жьэхэуэным зымащIэ фIэкIа имыIэжу зэуэзэпсэу къигъэувыIэри, еупщIащ:

- Плъэгъуа, лъэкъыцэжь, машинэзехуэ?

- С-слъэгъуащ, - жиIащ мыщэм. - Иджы мо тхылъымпIэм деж сышэ. Хьэуэ жыпIэрэ, сэ сигъэкIыж.

- Еууей! Ара мыгъуэ плъэкIынур? Си гугъати мыщэхэр бэлыхьлажьэу. Еуэ, гъуэгу махуэ, - жиIэри, езым тафэм тет кхъужьеижьымкIэ иунэтIащ. Машинэр къыхуэмыгъэувыIэжу, кхъужьейм еуэри, хьэбэсабэ ищIащ, ауэ назэм зыри къыщыщIакъым, къыщылъэтыжри, и занщIэ и гъуэгуу щIэпхъуэжащ.

**БОЗИЙ Людин.**

# Адыгэш



Дунейм тет шы лъэпкъ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ адыгэшыр. Ар жэрщ, бэшэчщ, теплъэ екIу зиIэщ, псом нэхърэ нэхъыщхьэжыращи, ар адыгэлIым и ныбжьэгъу пэжщ. «Адыгэшрэ адыгэлIрэ» мыпхуэдэ псалъэжь диIэщ, а тIур зэкIэрыпч зэрымыхъур къигъэлъагъуэу. ЦIыкIухэ, фэ ди нарт хъыбархэм феджащ, дауи. Фигу ивубыдауэ къыщIэкIынущ нарт Сосрыкъуэ и шым и цIэр. Тхъуэжьей! «Уэ лIы ухъумэ, сэ шы сыпхуэхъунщ», - жиIати абы!

Адыгэм мыхьэнэ ирет шым и теплъэм, и лъэбакъуэм, и плъыфэм. А псори къалъытэ шы къыщыхахкIэ. «ШыфIыр лIыгъэм и ныкъуэщ» жеIэ псалъэжьым. Адыгэшым мыпхуэдэ плъыфэхэр иIэщ: пщIэгъуалэ, пцIэгъуэплъ, къарэ, къарапцIэ, брул, къэбыфэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Iэбэтеуэ

• ЦIыкIу джэгу

Сабийхэр я гупэ къэгъэзауэ ягъэтIыс, гъэсакIуэм, и Iэгур зэтригъауэурэ, ярегъэлъагъу IэгуауэкIэр, мы усэ цIыкIур жиIэурэ:

**Iэбэ цIыкIур ищIым,**
**Iэбэ теуэ ищIым,**
**Дахэ цIыкIуу ищIым,**
**Дахащэу ищIым!**

**Уей жи, Iэбэ цIыкIур ищIым,**
**Уей жи, Iэбэ теуэ ищIым,**
**Уей жи, дахэ цIыкIуу ищIым,**
**Уей жи, дахащэу ищIым!**

Сабийхэми, уэрэдым екIуу, я Iэхэр зэтрагъауэу щIадзэ, итIанэ йосэхэри, езы цIыкIухэм уэрэдыр жаIэурэ, Iэбэ теуэ ящIу ирагъажьэ.



# Сабиигъуэм и сурэтыщI



Золан Дональд сабийхэм папщIэ сурэт зыщI, цIыкIухэм я теплъэ нэхъ дахэ дыдэу къызэхъулIэу къалъытэ американ художникщ, илъэс 81-рэ и ныбжьщ. ЖыпIэнурамэ, сабиигъуэм и сурэтыщIщ.

Сурэт щIыным дихьэхащ илъэсиплIым иту. Илъэс 13 щрикъуам сурэтыщI нэхъ лъэщхэм я зэпеуэм щытекIуэри, стипендие къилэжьауэ щытащ.

Золан зэрыжиIэмкIэ, сурэт щIыным ар къыхуэзыгъэушыр сабиигъуэ насыпыфIэрщ. Ар цIыкIухэм якIэлъоплъ, абыхэм я джэгукIэхэм, я дыхьэшх макъым, я зэпсэлъэкIэм етхьэкъу. Пэжуи, и сурэтхэм я лIыхъужь нэхъыщхьэщ сабийхэр.

«Сэ цIыкIухэр фIыуэ солъагъу. Дыкъэзыухъуреихь дунейр щызрагъэцIыхум деж, абыхэм я нэхэр зэрылыдым сегъэгуфIэ. Сабиигъуэр зэман нэхъ телъыджэ дыдэщ, псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ ар. Абы щыгъуэм деж дэтхэнэ Iуэхугъуэми телъыджэ гуэр хэлъщ», - жеIэ абы.

СурэтыщIым и лэжьыгъэхэм гъащIэр зэрылъапIэр уи фIэщ ящI, сабиигъуэм и дунейр зэрытелъыджэр къыбжаIэ!

**ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.**



# Къэбыр IэфIщ икIи хущхъуэщ

♦Къэбыр цIыхухэм хэсэн щIадзащ илъэс мини 5 япэкIэ. Иджыпсту къэб лIэужьыгъуэу 50 хуэдиз щыIэщ.
♦ЩIэныгъэлIхэм жаIэ къэбым и Хэкур Мексикэр арауэ.
♦Къэбыр щIы хъурейм и сыт хуэдэ щIыпIэми къыщокI, Антарктидэм къищынэмыщIа.
♦Абы куэду хэлъщ жьыгъэм пэщIэт витаминхэр: А, Е-хэр. Абы нэмыщI, шхын хьэлъэр зыхуэгъэткIу витамин Т-ри и куэдщ.
♦Къэб жылэм къыщIаху дагъэр хущхъуэу къалъытэ.
♦Къэбу щыIэм я нэхъыбэр гъуэжьщ, ауэ щыIэщ хужь, щIыху, удзыфэ лIэужьыгъуэхэри.
♦Японием яIэщ къэбым и къэрал фестиваль.
♦Къэбым и процент 90-р псыуэ зэхэтщ.
♦Нэхъыбэ дыдэу къэб къыщагъэкIыу къалъытэ Америкэм.
♦Къэбым къыщIахуа псыр ираф зи жей кIуэдхэм.
♦Язынызыкъуэ къэб лIэужьыгъуэхэм я гъэгъари пшхы мэхъу.
♦Къэбым я нэхъ ин дыдэр Бельгием къыщагъэкIауэ щытащ. Ар тонным щIигъурт - килограмм 1190-рэ хъурт.
♦Къэбыр мэракIуэхэкIхэрщ зыхабжэр.
♦Адыгэхэм къэбым хужаIэ «жэнэт шхын».

**НАФIЭДЗ Данэ.**





Деунэж Сафие цIыкIу тху защIэкIэ еджэнущ.

# Псалъэзэблэдз

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | дж | э | | | | | | | | |
| 2. | дж | э | | | | | | | | |
| 3. | дж | э | | | | | | | | |
| 4. | дж | э | | | | | | | | |
| 5. | дж | э | | | | | | | | |
| 6. | дж | э | | | | | | | | |
| 7. | дж | э | | | | | | | | |
| 8. | дж | э | | | | | | | | |
| 9. | дж | э | | | | | | | | |




























*Жэуапхэр:* 1. Джэш; 2. Джэгу; 3. Джэду; 4. Джэдыгу; 5. Джэдгын; 6. Джэдкъурт; 7. Джэдджэй; 8. ДжэдыкIэ; 9. ДжэдыкIэрыпщ.

*Псалъэзэблэдзыр зыгъэхьэзырар* **БИЦУ Жаннэщ.**


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр:
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.777
Заказыр №1957
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.).*
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариаинэ.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.